



Social Security

Konprann Benefis Yo

2012

www.socialsecurity.gov

Kontakte Sekirite Sosyal

Vizite wèbsayt (sit entènèt) nou

Wèbsayt nou, www.socialsecurity.gov, se yon resous enpòtan pou enfòmasyon sou tout pwogram Sekirite Sosyal. Nan wèbsayt nou ou ka tou:

- Aplike pou avantaj retrèt, andikap, ak Medicare;
- Jwenn adrès biwo Sekirite Sosyal ki nan zòn ou;
- Revize *Etadkont Sekirite Sosyal* ou;
- Mande pou ranplase kat Medicare ou; epi
- Jwenn kopi piblikasyon nou yo.

Kèk nan sèvis sa yo disponib sèlman nan lang Angle.

Rele nan nimewo gratis nou

Anplis itilizasyon sitwèb nou, ou toujou kapab rele nou gratis nan nimewo **1-800-772-1213**. Nou trete tout apèl yo an sekrè. Si ou pale lang Panyòl, peze 2. Pou tout lòt lang yo, peze 1, rete sou liy lan, epi rete an silans pandan w ap tande yon vwa k ap ba ou enstriksyon otomatik jouk lè yon anplwaye reponn. Anplwaye a ap kontakte yon entèprèt pou ede li avèk apèl ou a. Sèvis entèprèt la disponib pou gratis. Nou ka reponn kesyon espesifik yo ant 7 a.m. ak 7 p.m., lendi jiska vandredi. Anjeneral, w ap gen yon tan ki pi kout pou tann si ou rele pandan jou lasemèn apre madi. Nou kapab bay enfòmasyon nan lang Angle yon sèvis telefòn otomatik ki fonksyone 24 èdtan pa jou. Si ou soud oswa si ou mal pou tande, ou ka rele nimewo TTY nou, **1-800-325-0778**.

Nou vle asire nou tou ke ou resevwa bon jan enfòmasyon avèk jantiyès. Se pou rezon sa a ke genyen yon dezyèm reprezantan Sekirite Sosyal pou kontwole kèk apèl telefonik.

Ki sa ki andedan

Sekirite Sosyal: yon konsèp senp	4
Sa ou bezwen konnen osijè Sekirite Sosyal pandan ou ap travay	6
Sa ou bezwen konnen sou benefis yo	8
Benefis pou fanmi ou	12
Lè ou pare pou aplike pou benefis yo	14
Pwogram Revni Sekirite Siplemantè (SSI)	16
Dwa pou fè apèl	16
Medicare	16
Kèk enfòmasyon sou Sekirite Sosyal	19

Sekirite Sosyal: yon konsèp senp

Sekirite Sosyal jwe yon wòl pou preske chak fanmi, epi sou kèk pwen li pral touche lavi prèske tout Ameriken.

Se pa sèlman Ameriken ki aje ke Sekirite Sosyal ede, epitou li ede travayè ki vin malad/enfim ak fanmi ki gen mari/madanm yo oswa yon paran ki mouri. Jodi a, apepre 159 milyon moun ap travay epi y ap peye taks Sekirite Sosyal e apepre 55 milyon moun ap resevwa benefis Sekirite Sosyal chak mwa.

Pifò moun ki ap resevwa benefis nou yo se moun ki retrete avèk fanmi yo – apeprè 38 milyon moun.

Men Sekirite Sosyal pa t fèt pou l te sèl sous revni pou moun lè yo retrete. Sekirite Sosyal ranplase apepre 40 poustan nan revni mwayen yon moun ki te kon touche salè apre li pran retrèt li, e pifò nan konseye finansye yo di pansyonè yo pral bezwen 70 poustan oswa plis nan revi yo te konn touche anvan yo te pran retrèt yo pou kapab viv alèz apre yo vin pansyonè. Pou gen yon bon retrèt, Ameriken yo bezwen plis pase Sekirite Sosyal sèlman. Epitou, yo bezwen pansyon prive, ekonomi ak envestisman.

Administrasyon Sekirite Sosyal vle pou ou konprann kisa Sekirite Sosyal ka vle di pou ou ak avni finansye fanmi ou. Biblikasyon sa a, *Konprann Benefis yo*, eksplike enfòmasyon debaz pwogram retrèt Sekirite Sosyal la, pwogram asirans pou moun ki malad/enfim ak pwogram asirans pou sivivan yo.

Sistèm Sekirite Sosyal ki la kounye a fonksyone konsa: Lè ou ap travay, ou peye taks nan Sekirite Sosyal. Lajan taks sa a sèvi pou peye benefis pou:

- Moun ki déjà retrete yo;
- Moun ki malad/enfim;
- Sivivan travayè ki mouri; epi
- Depandan benefisyè yo.

Lajan taks ou peye a pa ale nan yon kont pèsonèl pou ou itilize lè ou jwenn benefis yo. Taks yo itilize touswit pou peye moun ki ap resevwa benefis yo kounye a. Nenpòt ki lajan ki pa itilize ale nan yon fòn komen Sekirite Sosyal, pa nan yon kont pèsonèl avèk non ou sou li.

Sekirite Sosyal se plis pase retrèt

Anpil moun panse Sekirite Sosyal se sèlman yon pwogram retrèt. Malgre se vre pifò moun ki ap resevwa benefis Sekirite Sosyal ap resevwa benefis retrèt, anpil lòt moun ap resevwa benefis Sekirite Sosyal paske yo:

- Malad/enfim; oswa
- Yon mari/madanm oswa pitit yon moun ki ap resevwa benefis Sekirite Sosyal; oswa
- Yon mari/madanm oswa pitit yon travayè ki te mouri; oswa
- Yon paran depandan yon travayè ki te mouri.

Selon sikonstans ou, ou ka kalifye pou resevwa benefis Sekirite Sosyal nan nenpòt ki laj. Kidonk, Sekirite Sosyal peye plis benefis pou timoun pase nenpòt lòt pwogram gouvènman.

Taks Sekirite Sosyal ou

Taks Sekirite Sosyal ke ou menm ak lòt travayè yo peye nan sistèm la sèvi pou peye benefis Sekirite Sosyal yo.

Ou peye taks Sekirite Sosyal sou salè ou jiska yon limit. Pou 2012 limit la se \$110,100.

Taks Medicare

Ou peye taks Medicare sou tout salè ou ak salè nèt ou sou travay endependan ou. Taks sa yo itilize pou asirans Medicare.

Si ou travay pou yon lòt moun	Taks Sekirite Sosyal 2012	Taks Medicare
Ou ap peye	4.2%	1.45%
Travay ou ap peye	6.2%	1.45%
Si ou se yon travayè endependan		
Ou ap peye	10.4%	2.9%

Kote lajan taks Sekirite Sosyal ou ale

Lè ou ap travay, 85 santim sou chak dola taks Sekirite Sosyal ou peye ale nan yon fon fomen ki peye benefis pa mwa pou moun ki retrete ak fanmi yo epi pou mari/madanm ki siviv ak pou pitit travayè ki mouri. Lòt 15 santim lan ale nan yon fon komen ki peye benefis pou moun ki malad/enfim ak pou fanmi yo.

Nan fon komen sa yo, Sekirite Sosyal peye depans pou dirije pwogram Sekirite Sosyal yo tou. Administrasyon Sekirite Sosyal se youn nan biwo ki pi efikas nan gouvnèman federal lan, epi n ap travay pou fè li vin pi bon chak jou. Sou chak dola taks Sekirite Sosyal ou peye, nou depanse mwen pase yon peni pou jere pwogram lan.

Tout lajan taks ou eye pou Medicare ale nan yon fon komen ki peye kèk frè lopital ak lòt swen pou tout moun k ap benefisyé de Medicare lan. Se pa Sekirite Sosyal ki jere Medicare men Sant pou Sèvis Medicare ak Medicaid (Centers for Medicare & Medicaid).

Sa ou bezwen konnen osijè Sekirite Sosyal pandan ou ap travay

Nimewo Sekirite Sosyal Ou

Lyen ou avèk Sekirite Sosyal se nimewo Sekirite Sosyal ou. Ou ap bezwen li pou jwenn djòb epi pou peye taks. Nou itilize nimewo Sekirite Sosyal ou pou swiv tras salè ou pandan ou ap travay epi pou swiv tras benefis ou apre ou fin resevwa Sekirite Sosyal.



Pa mache avèk kat Sekirite Sosyal ou. Ou ta dwe pran prekosyon ou konsènan moun ou ap bay nimewo Sekirite Sosyal ou. Vòl idantite se youn nan krim ki gaye pi vit jodi a. Pifò tan, vòlè idantite itilize nimewo Sekirite Sosyal ou ak bon kredi ou pou aplike pou plis kredi sou non ou. Apre sa yo itilize nouvo kat kredi yo pou achte sou kont ou, epi yo pa peye.

Nimewo Sekirite Sosyal ou ak dosye nou konfidansyèl. Si yon lòt moun mande nou enfòmasyon nou genyen sou ou, nou p ap bay okenn enfòmasyon san konsantman alekri ou, sòf si lalwa mande oswa pèmèt sa.

Kontakte nou si ou bezwen yon nimewo Sekirite Sosyal, si ou pèdi kat ou oswa si ou bezwen chanje non ou genyen sou kat la. N ap mande ou pou ranpli yon fòm senp ki gen yon paj epi n ap mande pou wè sèten dokiman. Nou bezwen wè dokiman orijinal oswa kopi ki sètifye nan biwo ki founi dokiman yo. Nou pa ka aksepte fotokopi oswa kopi dokiman ki notarye.

Pou ou jwenn yon nimewo Sekirite Sosyal oswa si ou bezwen ranplase yon kat ou dwe pwouve sitwayènte ameriken ou oubyen kondisyon imigrasyon ou, laj ou avèk idantite ou. Pou ou ranplase yon kat ou p ap bezwen ban nou prèv sitwayènte ameriken ou oswa prèv laj ou si nou deja genyen yo nan dosye nou. Se sèlman kèk dokiman ki akseptab kòm prèv sitwayènte ameriken. Pami dokiman sa yo genyen batistè ameriken ou, paspò ameriken ou, yon Sètifikasi Natiralizasyon oubyen yon Sètifikasi Sitwayènte. Si ou pa yon sitwayen ameriken, gen règleman pou pwouve kondisyon imigrasyon ou.

Dokiman ki akseptab kòm prèv idantite se dokiman ki pa ekspire ki montre non ou, enfòmasyon ki idantifye ou epi nou pito si dokiman an genyen yon foto ki resan, tankou yon lisans pou kondwi oubyen yon kat idantifikasyon eta kote ou ap viv la ba ou men ki pa pou kondwi.

Pou aplike pou chanje non ou sou kat Sekirite Sosyal ou, ou dwe montre yon dokiman ki resan ki pwouve ke non ou chanje legalman.

Asire ou ke ou pwoteje kat Sekirite Sosyal ou. Ou gen dwa ranplase kat ou sèlman twa fwa nan yon ane epi 10 fwa pandan tout lavi ou. Lè ou chanje non ou legalman avèk kèk lòt ekse psyon ankò pa konte nan limit sa yo. Pa ezanmp, lè ou mizajou nan kat ou paske ou chanje kondisyon ou lè ou pa yon sitwayèn p ap konte nan limit sa yo. Ositou, limit sa yo kapab pa afekte ou si ou ka pwouve ke ou bezwen kat la pou ou pa sibi yon gwo difikilte.

Pou plis enfòmasyon, kontakte nou epi mande nou pou *Nimewo ak Kat Sekirite Sosyal Ou* (Piblikasyon Nimewo 05-10002-HC). Si ou pa yon sitwayen ameriken, ou ka mande tou pou *Nimewo Sekirite Sosyal pou Moun ki pa Ameriken* (Piblikasyon Nimewo 05-10096-HC).

Tout sèvis nou yo gratis. Sekirite Sosyal pa janm reklame frè pou sèvis nou ofri yo.

Kòman ou ap vin kalifye pou Sekirite Sosyal

Lè ou travay epi ou peye taks Sekirite Sosyal ou gen «kredi». Pou lane 2012, ou resevwa yon kredi pou chak \$1,130 salè, jouk maksimòm kat (4) kredi nan yon ane. (Kantite lajan ki nesesè pou gen yon kredi dabitud ogmante chak ane).

Pifò moun bezwen 40 kredi (10 an travay) pou yo ranpli kondisyon pou benefis yo. Moun ki pi jèn bezwen mwens kredi pou yo kalifye pou benefis maladi/enfimite oswa pou manm fanmi yo ka kalifye pou benefis pou sivivan lè travayè a mouri.

Sa ou bezwen konnen sou benefis yo

Benefis Sekirite Sosyal yo ranplase yon pousantaj salè ou lè ou retrete, lè ou vin malad/enfim oswa lè ou mouri. Peyman benefis ou baze sou valè lajan ou te fè pandan tout ane ou travay yo. Plis lajan ou te fè pandan ou t ap travay vle di plis benefis. Si ou te pase yon tan ou pat travay oubyen ou pat fè anpil lajan, benefis ou ap pi ba pase si ou tap travay nòmalman.

Benefis Retrèt

Chwazi ki lè pou pran retrèt ou se youn nan desizyon ki pi empòtan ou ap pran nan lavi ou. Si ou chwazi pou pran retrèt ou lè ou rive nan laj pou pran retrèt konplè ou, ou ap resevwa tout benefis retrèt ou. Men si ou pran retrèt ou anvan ou atenn tout laj pou pran retrèt ou, ou pral resevwa yon rediksyon nan benefis yo. Tablo swivan montre laj retrèt konplè pa ane nesans.

Laj pou retrèt konplè

Si ou te fèt de 1943 a 1960, laj pou resevwa tout benefis yo te kòmanse ogmante gradyèlman a laj 67 an. Si ou te fèt nan 1945 oswa anvan, ou déjà kalifye pou resevwa tout benefis Sekirite Sosyal ou. Tablo swivan an ap gide ou pou detèmine laj pou genyen pou pran retrèt konplè ou.

Ane ou fèt	Laj pou retrèt konplè ou
1943 a 1954	66
1955	66 an ak 2 mwa
1956	66 an ak 4 mwa
1957	66 an ak 6 mwa
1958	66 an ak 8 mwa
1959	66 an ak 10 mwa
1961 o apre	67

REMAKE: Menm si laj pou pran retrèt konplè a ap ogmante, ou toujou ta dwe aplike pou pou benefis Medicare nan twa mwa anvan 65yèm anivèsè nesans ou. Si ou tan pli lontan, asirans medikal Medicare ou (Pati B) ak asirans preskripsyon medikaman (Pati D) ka koute ou plis lajan.

Lè ou pran retrèt ou apre laj pou retrèt konplè a

Si ou chwazi pou tann apre ou gen laj retrèt konplè ou pou kòmanse resevwa benefis retrèt ou, benefis yo ap ogmante pa yon sèten pou santaj selon ane ou te fèt la. Ogmantasyon a ap enkli otomatikman chak mwa ant laj pou ou te pran retrèt konplè ou avèk moman ou kòmanse resevwa benefis la oubyen ou gen laj 70 lane, kèlkeswa sa ki vin avan an. Pousantaj ogmantasyon an baze sou lè ou te fèt lan. Pou plis enfòmasyon sou kredi lè ou pran retrèt ou apre laj pou retrèt konplè a, ale nan www.socialsecurity.gov/retire2/delayret.htm.

Retrèt anvan lè

Ou gen dwa resevwa benefis depi ou gen 62 an. Mentou, si ou kòmanse benefis ou bonè, sa ap redwi benefis ou. Benefis ou diminye apeprè mwatye 1 pou san pou chak mwa ou kòmanse Sekirite Sosyal ou anvan laj pou ou te pran retrèt konplè a. Pa egzanp, si laj pou ou pran retrèt konplè a se 66 lane epi ou enskri non ou pou Sekirite sosyal lè ou gen 62 an, ou ka sèlman resevwa 75 pou san pou tout benefis ou.

REMAKE: Rediksyon an ap pi gwo nan pwochen ane lè laj pou pran retrèt la ogmante.

Si ou ap travay pandan ou ap resevwa benefis

Ou ka kontinye travay epi ou toujou ap resevwa benefis retrèt. Salè ou nan mwa (oswa apre) ou gen laj pou ou pran retrèt konplè pap redwi benefis Sekirite Sosyal ou diminye. Aktyèlman, si ou travay apre ou gen laj retrèt konplè, benefis ou ap ogmante. Mentou, benefis ou ap diminye si salè ou depase sèten limit pou mwa anvan ou gen laj pou pran retrèt konplè a.

Si ou ap travay men ou kòmanse resevwa benefis yo anvan laj pou pran retrèt konplè a, nap dedwi \$1 nan chak \$2 salè ou genyen ki depase limit anyèl la. Pou lane 2012, limit la se \$14,640.

Nan ane ou rive nan laj pou ou pran retrèt konplè a, benefis ou ap redwi \$1 pou chak \$3 ou touche sou yon limit anyèl diferan (\$38,880 pou lane 2012) jouk mwa ou vin gen laj pou pran retrèt konplè a.

Lè ou rive nan laj pou pran retrèt konplè ou, ou ka toujou kontinye travay epi benefis Sekirite Sosyal ou p ap diminye kèlkeswa kantite lajan ou ap touche.

Pou plis enfòmasyon sou fason travay afekte benefis ou, mande ou *Kòman Travay Ou Afekte Benefis Ou* (Piblikasyon Nimewo 05-10069).

REMAKE : Moun ki ap travay pandan yo ap resevwa pemen pou maladi/enfimite oswa peman Revni Sekirite Sosyal Siplementè gen règleman sou salè ki diferan. Yo dwe rapòte tout salè yo nan Sekirite Sosyal kèlkeswa kantite yo ap touche a.

Benefis retrèt pou vèf/vèv

Si ou ao resevwa benefis vèf oswa benefis vèv, ou ka chanje pou ou jwenn pwòp benefis retrèt pa ou lè ou gen laj 62 an, si nou sipoze ke benefis retrèt ou pi plis pase kantite lajan ou ap resevwa sou mari ou oswa madanm ou ki mouri. Nan plizyè ka, ou ka kòmanse resevwa yon benefis ki redwi epi apre sa ou chanje pou lòt benefis ki ap ba ou tout pouvantaj la lè ou gen laj pou pran retrèt konplè ou. Règleman yo konplike epi yo varye selon sitiyasyon yo, kidonk pale avèk yon reprezantan Sekirite Sosyal sou chwa ki disponib pou ou.

Pou jwenn plis enfòmasyon, sou benefis retrèt, mande pou *Benefis pou Retrèt* (Piblikasyon Nimewo 05-10035).

Benefis pou Maladi/Enfimite

Si ou pa ka travay akòz yon kondisyon fizik oswa mantal yo prevwa ki ka dire omwen yon lane oubyen ki ka lakòz lanmò ou, ou ka kalifye pou benefis maladi/enfimite Sekirite Sosyal.

Règleman pou maladi/enfimite nou yo diferan avèk règleman lòt plan prive oswa lòt biwo gouvènman. Jis poutèt ou ranpli kondisyon pou ou resevwa benefis maladi/enfimite nan yon lòt biwo oswa yon lòt pwogram, sa pa vle di ou ap kalifye pou benefis maladi/enfimite nou. Epitou lè ou gen yon papye medikal doktè ou ki endike ke ou malad/enfim, sa pa ble di otomatikman kalifye pou resevwa benefis Sekirite Sosyal. Pou plis enfòmasyon sou benefis maladi/enfimite Sekirite Sosyal, mande pou *Benefis pou Enfimite* (Piblikasyon Nimewo 05-10029). Ou ka aplike pou benefis maladi/enfimite Sekirite Sosyal nan wèbsayt www.socialsecurity.gov/applyfordisability.

Moun ki malad/enfim, enkli ak timoun, ki gen ti revni ak yon ti kantite resous, ka kalifye tou pou peyman maladi/enfimite nan pwogram Revni Sekirite Siplementè (SSI). Pou plis enfòmasyon sou SSI, mande moy *Revni Sekirite Siplementè (SSI)* (Piblikasyon Nimewo 05-11000).

Si ou vin malad/enfim, ou ta dwe ranpli fòmilè aplikasyon pou benefis maladi/enfimite touswit paske sa pran plizyè mwa pou trete yon demann pou benifis maladi/enfimite. Nou ka an mezi pou trete demann ou pi vit si ou gen dokiman sa yo nan moman ou aplike a:

- Dosye medikal ou ak dat tretman yo de doktè ou, terapis ou, lopital ou, klinik ou ak travayè sosyal ou;
- Rezulta tès laboratwa ak rezulta lòt tès;
- Non, adrès, nimewo telefòn ak faks doktè ou, klinik ou ak lopital ou;
- Non tout medikaman ou ap pran yo, epi;
- Non kote ou ap travay avèk deskripsyon travay ou te fè pandan 15 dènye any yo.

Ou ka genyen pou peye taks sou benefis ou

Kèk moun ki ap resevwa Sekirite Sosyal ap gen pou peye taks sou benefis yo. Mwens ke yon tyè (1/3) benefisyè ki gen kounye a peye taks sou benefis yo.

Ou ap gen pou peye taks sou benefis ou si ou ranpli yon fòmilè taks federal (deklarasyon taks) kòm yon «moun apa» epi revni total ou plis pase \$25,000. Si ou ranpli fòmilè taks ou an komen, ou ap gen pou peye taks si ou menm ak moun ki marye avèk ou gen yon revni ki plis pase \$32,000. Pou plis enfomasyon, rele nimewo telefòn gratis Sèvis Enpo sou Revni Ameriken nan **1-800-829-3676**.

Benefis pou fanmi ou

Lè ou kòmanse resevwa benefis Sekirite Sosyal oswa benefis maladi/enfimite ou, lòt manm fanmi ou ka kalifye tou pou resevwa peyman yo. Pa egzamp, mari oswa madanm ou ka resevwa benefis yo si li:

- Gen laj 62 lane oswa plis; oswa
- Nan nenpòt laj si l ap okipe pitit ou (timoun lan dwe gen mwens pase laj 16 lan oswa li malad/enfim epi l ap resevwa benefis Sekirite Sosyal sou dosye ou).

Timoun selibatè yo ka resevwa peyman benefis yo si yo:

- Gen mwens ke 18 lane;
- Ant 18 ak 19 lane, mwen yo nan lekòl elemantè oswa segondè kòm yon elèv atanplen;
- 18 lane epi yo malad/enfim grav (maladi/enfimite a dwe te kòmanse anvan laj 22 lane).

Si ou vin yon paran yon timoun (yon timoun ki adopte enkli tou) apre ou kòmanse resevwa benefis yo, fè nou konnen enfomasyon sou timoun lan pou nou ka deside si timoun lan kalifye pou benefis yo.

Ki kantite manm fanmi yo ka jwenn?

Chak manm fanmi ka kalifye pou resevwa yon benefis chak mwa ki ka rive jiska mwatye nan kantite lajan benefis retrèt ou resevwa oswa benefis maladi/enfimite ou. Men tou, gen yon limit nan kantite lajan total yon fanmi ka resevwa. Limit la varye, nen anjeneral li egal a apeprè ant 150 a 180 pouzan benefis retrèt la.

Si ou divòse

Si ou divòse, ansyen mari oswa madanm ou ka kalifye pou li resevwa benefis sou revni ou. Nan kèk sitiyasyon, li ka resevwa benefis yo menm si ou p ap resevwa yo. Pou kalifye, ansyen mari oswa madanm ou dwe :

- Te marye avèk ou pandan omwen 10 an;
- Te divòse pandan omwen 2 an;
- Gen omwen 62 an;
- Pa marye; epi
- Pa kalifye pou yon benefis ki egal oswa ki plis baze sou pwòp travay pa li oswa sou travay yon lòt moun.

Benefis pou Sivivan

Lè ou mouri, fanmi ou ka kalifye pou benefis sa yo selon travay ou.

Pami manm fanmi ki ka resevwa benefis yo gen ladan yon vèf oswa yon vèv ki:

- gen 60 an oswa plis; oswa
- gen 50 an oswa plis epi ki malad/enfim; oswa
- Ki gen nenpòt laj si l ap okipe pitit ou ki gen mwens ke 16 an oswa ki malad/enfim epi ki ap resevwa benefis Sekirite Sosyal.

Pitit ou yo ka resevwa benefis tou si yo selibatè epi:

- Yo gen mwens ke 18tan; oswa
- Genyen 18tan ak 19 lane, men yo toujou nan yon lekòl elemantè oswa segondè kòm elèv aplantan;
- Genyen 18tan epi yo malad/enfim grav (maladi/enfimite a te dwe kòmanse anvan li rive laj 22 an).

Anplis, paran ou yo ka resevwa benefis sou salè ou si yo te depann de ou pou omwen mwatye sipò yo.

Peman apre lanmò

Si ou gen ase kredi, yon peman \$255 ap fèt yon sèl fwa apre lanmò ou. Se mari/madanm ou oswa pitit minè ou ki ka resevwa benefis sa a si yo ranpli sèten kondisyon.

Si ou divòse

Si ou divòse, ansyen mari ou oswa ansyen madanm ou ka kalifye pou benefis sivivan selon lajan ou te fè lè ou mouri an. Li dwe:

- Gen omwen 60tan (oswa 50tan si li malad/enfim) epi li dwe te marye avèk ou pandan omwen 10 an; oswa
- Gen nenpòt laj si l ap okipe yon timoun ki kalifye pou resevwa benefis selon travay ou; oswa

- Pa kalifye pou yon benefis ki egal oswa plis selon pwòp travat pa li; epi
- Pa marye nan moman an, sòf si li remarye apre laj 60tan oswa apre laj 50tan si li enfim.

Benefis ke yon ansyen mari oswa ansyen madanm p ap afekte tò benefis pou lòt sivivan ki ap resevwa benefis ki nan dosye w.

REMAKE: Si ou mouri epi ansyen mari/madanm ou remarye apre laj 60tan, li ka kalifye pou benefis Sekirite Sosyal selon travay ou oubyen selon travay nouvo moun li marye an, nenpòt sa ki pi gwo a.

Ki kantite lajan sivivan ou ap resevwa?

Sivivan ou ap resevwa yon pousantaj benefis debaz Sekirite Sosyal ou — anjeneral yo chak ap resevwa yon kantite ki ant 75 ak 100 poustan. Men tou, gen yon limit nan kantite lajan yon fanmi ka resevwa chak mwa. Limit la varye, men jeneralman li egal a apeprè ant 150 ak 180 poustan benefis ou.

Lè ou pare pou aplike pou benefis yo

Ou dwe aplike pou benefis yo apeprè twa mwa anvan dat ou vle kòmanse resevwa benefis ou yo. Si ou pokò pare pou pran retrèt ou, men ou ap panse pou fè sa byentò, ou ta vle vizite sit entènèt Sekirite Sosyal pou ka sèvi planifikatè nou an ki pratik epi ki enstriktif nan www.socialsecurity.gov/retire. Pou aplike pou benefis maladi/enfimite oswa benefis pou sivivan, ou ta dwe aplike deske ou kalifye pou sa.

Epitou ou ka aplike pou benefis yo sou wèbsayt nou an nan www.socialsecurity.gov/applyforbenefits.

Ou ka jwenn yon estimasyon rapid ak fasil konsènan benefis ou baze sou dosye salè aktyèl ou nan www.socialsecurity.gov/estimator. Epitou ou ka jwenn plis enfòmasyon detaye osijè kalkil benefis ou nan www.socialsecurity.gov/planners.

Sa ou ap bezwen pou aplike

Lè ou ap aplike pou benefis yo, n ap mande ou pou ou founi sèten dokiman. Dokiman n ap mande yo depann de kalite benefis ou ap aplike pou ou resevwa. Lè ou founi nou dokiman sa yo byen vit sa ap

ede nou peye benefis yo pi vit. Ou dwe soumèt dokiman orijinal oswa kopi ki sètifye nan biwo ki founi dokiman yo – nou pa ka aksepte fotokopi.

Pa tann pou ranpli yon fomilè aplikasyon poutèt ou pa gen tout dokiman ou bezwen yo. N ap ede w jwenn yo.

Men yon lis kèk dokiman ou ka bezwen lè ou ap enskri pou Sekirite Sosyal:

- Kat Sekirite Sosyal ou (oswa yon dokiman ki gen nimewo);
- Batistè ou;
- Batistè ptit ou ak nimewo Sosyal Sekirite yo (si ou ap aplike pou yo);
- Prèv ou se sitwayen ameriken oswa yon etranje legal si ou (oswa ptit ou) pa t fèt Ozetazini;
- Batistè ak nimewo Sekirite Sosyal mari/madanm ou si l ap aplike pou benefis ou salè ou;
- Sètifika maryaj ou (si ou ap enskri sou salè mari/madanm ou oswa mari/madanm ou ap enskri sou salè pa ou);
- Papye ki montre ou pa nan sèvis militè ankò; epi
- Denyè fòmilè W-2 ou oswa dènye fòmilè taks ou si ou se yon travayè endepandan.

N ap fè ou konnen si gen lòt dokiman ki nesesè lè ou ap ranpli fòmilè aplikasyon an.

Kòman benefis yo peye

Anjeneral benefis Sekirite Sosyal yo peye elektwònìkman. Yon fason ou ka chwazi pou resevwa benefis ou se depo dirèk. Depo dirèk se yon fason senp, ki garanti pou resevwa benefis ou. Asire ou ke ou gen yon kanè chèk oswa etadkont ou nan men ou lè ou ap aplike an. N ap bezwen enfòmasyon sa a, ak nimewo wout labank ou, pou asire benefis ou depoze kòrèkteman nan kont ou chak mwa.

Si ou pa gen yon kont labank oubyen ou ta plítò resevwa benefis ou sou yon kat debi, ou ka anrejistre pou pwogram kat Direct Express® lan. Ak Direct Express®, peyman yo ap fèt dirèkt sou kat la. Yon lòt chwa ou ka konsidere se yon Kont Transfè Elektwonik. Kont sa gen yon ti frè e li asire pa gouvènman an e l ap pèmèt ou jwenn peyman otomatik, an sekirite epi byen fasil.

Pwogram Revni Sekirite Siplemantè (SSI)

Si ou ap resevwa benefis Sekirite Sosyal, men ou pa gen anpil revni ak resous (bagay ou posede), SSI petèt ka ede ou. SSI jwenn finansman nan revni jeneral yo, pa nan taks Sekirite Sosyal yo.

Chak mwa SSI fè pemen pou moun ki gen 65 an oswa plis avèk moun ki avèg oswa malad/enfim. Nou pa konsidere kèk nan revni ou ak resous ou lè n ap deside si ou kalifye pou resevwa SSI. Kay ou ak oto ou, pa egzanp, anjeneral pa konsidere kòm resous.

Rele nou pou jwenn plis enfòmasyon oswa pou aplike pou SSI.

Dwa pou fè apèl

Si ou pa dakò avèk yon desizyon ki pran sou demann ou an, ou gen dwa pou fè apèl kont sa. Pou yon eksplikasyon sou etap yo ou ka mande pou piblikasyon *Pwosesis Pou Fè Apèl* (Piblikasyon Nimewo 05-10041).

Ou ka fè apèl la pou kont ou epi Sekirite Sosyal ka ede ou pou gratis oubyen ou gen dwa chwazi pou gen yon avoka reprezante ou. Nou ka ba ou plis enfòmasyon sou organizasyon ki ka ede w jwenn yon avoka. Pou plis enfòmasyon sou chwazi yon avoka, mande pou *Dwa Ou Pou Gen Yon Reprezantan* (Piblikasyon Nimewo 05-10075).

Medicare

Medicare se pwogram asirans sante debaz peyi a pou moun ki gen 65 an oswa plis ak anpil moun ki malad/enfim.

Ou pa dwe konfonn Medicare ak Medicaid. Medicaid se yon pwogram swen medikal pou moun ki p ap touche anpil lajan epi ki pa gen anpil resous. Anjeneral ee sèvis asistans byenèt sosyal leta oswa biwo sèvis sosyal ki ap dirije li. Kèk moun kalifye pou youn oswa pou lòt la, alòske gen kèk moun ki kalifye pou Medicare ak Medicaid ansanm.

Medicare gen kat (4) pati

- Asirans pou lopital (Pati A) ede peye pou swen pasyan ki entène lopital ak kèk lòt sèvis pouswit.
- Asirans medikal (Pati B) ede peye pou sèvis doktè, swen pasyan ki pa entène lopital ak lòt sèvis medikal.

- Medicare Advantage Plans (Pati C) ki disponib nan plizyè zòn. Moun ki enskri nan Medicare Pati A ak B kapab chwazi pou yo resevwa tout sèvis swen sante yo nan men youn nan òganizasyon founisè ki nan Pati C a.
- Kouvèti preskripsiyon (Pati D) ede peye pou medikaman doktè preskri pou trètman medikal.

Ki moun ki kalifye pou asirans lopital (Pati A)?

Pifò moun resevwa asiran lopital lè yo gen 65 an. Ou ranpli kondisyon pou sa otomatikman si ou kalifye pou Sekirite Sosyal oswa pou benefis Retrèt Ray Tren. Oswa ou ka kalifye selon travay mari/madanm ou (avèk tou travay mari/madanm ou ki divòse). Lòt moun kalifye paske yo se anplwaye gouvènman ke Sekirite Sosyal pa kouvrir epi ki peye taks Medicare.

Si ou resevwa benefis maladi/enfimite Sekirite Sosyal pandan 24 mwa, ou ap kalifye pou asirans lopital.

Si ou resevwa maladi/enfimite Sekirite Sosyal paske ou gen esklewòz lateral amyotwofik (maladi Lou Gehrig) ou pa oblige tan 24 mwa pou kalifye.

Epitou moun ki gen ensifizans renal pèmanan ki mande dyaliz oswa ranplasman ren kalifye pou asirans lopital si yo te travay pandan ase tan oswa si yo marye avèk yon travayè ki kalifye oswa se pitit yon travayè ki kalifye.

Si ou pa ranpli kondisyon sa yo, ou ka resevwa asirans lopital Medicare si ou peye chak mwa pou sa. Pou plis enfòmasyon, rele nimewo telefòn gratis nou an oubyen vizite sit entènèt nou an.

Ki moun ki kalifye pou asirans medikal (Pati B)?

Prèske tout moun ki kalifye pou asirans lopital ka enskri pou asirans medikal. Pati B se yon pwogram ochwa. Li pa gratis. Pou ane 2012, prim pa mwa a se \$99.90. Gen moun ki peye plis prim si salè ou pi gwo.

Ki moun ki kalifye pou plan Medicare Advantage (Pati C)?

Nenpòt ki moun ki déjà genyen asirans Medicare pou lopital (Pati A) epi ki genyen asirans medikal Medicare (Pati B) kapab antre nan yon plan Medicare Advantage. Plan Medicare Advantage yo enkli:

- Plan Medicare kontwole swen;
- Plan Medicare kontwole òganizasyon founisè prefere (PPO);
- Plan Medicare prive frè pou sèvis; epi
- Plan Medicare espesyalite.

Petèt ou ap oblige peye yon prim pa mwa poute benefis ekstra benefis ke plan Medicare Advantage lan ofri.

Ki moun ki ka resevwa asirans Medicare pou preskripsyon (Pati D)?

Nenpòt ki moun ki déjà genyen asirans lopital Medicare (Pati A) oswa asirans medikal Medicare (Pati B) oswa plan Medicare Advantage (Pati C) kalifye pou asirans asirans preskripsyon (Pati D). Asirans preskripsyon sa a se yon pwogram ochwa epi ou peye yon prim anplis chak mwa pou li.

Pou plis enfòmasyon, mande pou *Medicare* (Publikasyon 05-10043).

Èd avèk depans Medicare pou moun ki p ap touche anpil lajan

Si ou p ap touche anpil lajan epi ou pa gen anpil resous, eta kote ou ap viv la ka peye prim Medicare ou yo pou ou epi, nan kèk ka, eta kote ou ap viv la ka peye lòt depans medikal ki «sòti nan pòch ou» pou ou, tankou dediktib ak ko-asirans.

Se sèlman eta kote ou ap viv la ki ka deside si ou kalifye pou ou resevwa èd nan pwogram sa. Si ou panse ou kalifye pou resevwa asistans sa a, kontakte biwo eta kote ou ap viv la oswa ajans asistans mekidal lokal ou a (Medicaid), biwo sèvis sosyal oswa biwo byenèt sosyal.

«Èd ekstra» avèk depans Medicare pou preskripsyon

Si lajan ou ak resous ou pa anpil, ou ka kalifye pou ou resevwa yon èd ekstra pou peye pou preskripsyon ou nan pwogram Medicare Pati D. Wòl Sekrite Sosyal se pou eke ou konprann kijan ou ka kalifye epi pou pran aplikasyon ou pou èd ekstra a. Pou ou konnen si ou kalifye oubyen pou ou aplike, rele nimewo gratis Sekrite Sosyal la oswa vizite wèbsyat nou an.

Kèk enfòmasyon sou Sekirite Sosyal

Taks 2012 Sekirite Sosyal

- Ou menm ou peye 4.2 pouvant epi patwon ou peye 6.2 pouvant
- Si ou se yon travayè endepandan, ou paye 10.4 pouvant
- Ou pa peye taks Sekirite Sosyal sou salè ki depase \$110,100

Taks 2012 Medicare

- Ou menm ak patwon ou peye 1.45 pouvant
- Si ou se yon travayè endepandan, ou paye 2.9 pouvant
- Taks Medicare yo peye sou tout salè ou; pa gen limit

Kredi travay pou ane 2012

- Pou chak \$1,130 ou touche, ou resevwa yon « kredi » Sekirite Sosyal jiska kat (4) chak ane
- Pi fò moun bezwen 40 kredi pou ka kalifye pou benefis retrèt
- Moun ki pi jèn yo bezwen mwens kredi pou yo kalifye pou benefis maladi/enfimite oubyen fanmi yo kalifye pou benefis sivivan

Benefis mwayen pa mwa Sekirite Sosyal pou ane 2012

- Travayè ki retree: \$1,229
- Koup (mari ak madanm) ki retrete: \$1,994
- Travayè ki malad/enfim: \$1,111
- Travayè malad/enfim ki marye epi ki gen yon timoun: \$1,892
- Vèf oswa vèv: \$1,184
- Jèn vèf oswa vèv ak de (2) pitit: \$2,543

Tarif peyman SSI pou ane 2012

- (sipleman eta lokal la, si genyen, pa enkli nan chif sa)
- \$698 pou yon moun
- \$1,048 pou yon koup (mari ak madanm)

www.socialsecurity.gov



Social Security Administration
SSA Publication No. 05-10024-HC
Understanding The Benefits (Haitian-Creole)
March 2012